

Salè minimòm pa èdtan ki anvigè ant 1/1/2025 ak 31/12/2025

New York City

Gwo Patwon
(11 oswa plis anplwaye)

Salè Minimòm **\$16.50**

Travay sipleman tè apre 40 èdtan \$24.75

Ti Patwon
(10 oswa mwens anplwaye)

Salè Minimòm **\$16.50**

Travay sipleman tè apre 40 èdtan \$24.75

Long Island ak Westchester County

Salè Minimòm **\$16.50**

Travay sipleman tè apre 40 èdtan \$24.75

Rès New York State

Salè Minimòm **\$15.50**

Travay sipleman tè apre 40 èdtan \$23.25

Si w gen kesyon, ou bezwen plis enfòmasyon oswa w bezwen depoze yon plent

Pa telefòn: (518) 457-9000 | (888) 4-NYSDOL (888-469-7365) | 711 TTY/TDD

Kredi ak Alokasyon ki ka redui salè ou anba salè minimòm pa èdtan endike anwo a:

- **Manje ak ebèjman** – Patwon ou ka reklame yon kantite lajan limite nan salè ou pou manje ak ebèjman li ba ou, depi li pa fè ou peye okenn lòt bagay. Tarif ak egzijans yo nan lòd ak rezime salè pa èdtan, ki disponib sou entènèt.

Lòt règ patwon ou dwe swiv:

- **Sekirite** – Patwon ou dwe konfòme li avèk lwa lokal, lwa leta ak lwa federal sou sekirite ak sante ak kòd prevansyon dife. Kote pou pase pou soti si ta gen dife fèt pou detake ak fasil pou jwenn pandan lè travay la.
- **Travay nan kay** – Patwon yo pa dwe anplwaye yo travay pou yo fè lakay yo. Patwon yo pa dwe distribiye travay dirèkteman ba travayè nan kay yo.
- **Anrejistreman** – Patwon ou dwe anrejistre nan Depatman Travay (Department of Labor). Li dwe afiche sètifika anrejistreman anyèl li kote ou kapab wè li.

Patwon ou ka dwe ou **Salè pou Travay Sipleman tè** anplis salè minimòm pa èdtan ki endike anwo a:

- **Travay sipleman tè** – Ou dwe touche 1½ fwa salè pa èdtan regilye ou (pa mwens pase kantite lajan pou travay sipleman tè ki endike anwo a) pou kantite èdtan pa semèn ki depase 40 (oswa 44 pou anplwaye ki travay nan kay).
Eksepsyon: Travay sipleman tè pa obligatwa pou pwofesyonèl salarye yo, oswa pou ekip egzekitif ak administratif ki gen salè yo pa semèn ki pi plis pase 75 fwa salè minimòm pa èdtan an.
- **Salè pou prezans** – Si ou ale nan travay dapre orè ou epi patwon ou voye ou lakay ou bonè, ou ka gen dwa pou touche kèk èdtan sipleman tè nan salè minimòm pa èdtan pou jou a.
- **Pwolongasyon kantite èdtan yo** – Si jounen travay ou dire plis pase dis èdtan, ou ka gen dwa pou touche salè sipleman tè pa jou. Salè pa jou a egal a yon èdtan sipleman tè salè a nan salè minimòm pa èdtan an.
- **Antretyen inifòm** – Si ou lave inifòm ou poukont ou, ou ka gen dwa pou resevwa salè sipleman tè pa semèn. Salè pa semèn yo disponib sou entènèt.